



YO MERITE PI BON BAGAY (E NOU MENM TOU!)

1. Èske nou ap manke espas pou fatra nou yo?

Wi. Enstalasyon transfòmasyon fatra an enèji a, yo rele tou boule fatra ki pa resiklabl, deja rive nan kapasite li, epi depo fatra ki nan konte a ap pwoche limit li. Dapre Plan Direktè a, pa gen okenn nouvo depo fatra ni nouvo enstalasyon transfòmasyon fatra an enèji ki prevwa nan Konte Broward. Fatra nou yo dwe ale yon kote.

2. Ki solisyon an?

Nou tout bezwen travay ansanm pou:

- Diminye kantite fatra n ap pwodui (apeprè 20,000 liv pa minit), epi
- Separe sou twotwa a materyèl ki gen valè pou yo pa fini nan depo fatra oswa nan enstalasyon transfòmasyon an enèji.
- Nou dwe resikle byen.

3. Kijan resikle byen ede kominote mwen an?

- Li kenbe kominote nou yo pwòp ak an sante.
- Li ede diminye inondasyon.
- Fatra gen valè; nou ap jete materyèl ki gen valè nou ta ka itilize lokalman epi kreye travay isit lakay nou.

Plan Direktè a avèti ke inaksyon jodi a ap kite jenerasyon kap vini yo ak depans ki pi wo ak mwens solisyon lokal.

4. Kisa mwen ka fè?

Tout moun ka fè yon bagay pou ede diminye kantite fatra n ap voye nan depo fatra ak enstalasyon transfòmasyon an enèji.

- Resikle kòrèkteman sa ou kapab (bwason an aliminyòm, katon, bidon, basen, boutèy plastik).
- Konsidere achte atik itilize anvan ou achte yon bagay nouvo.
- Reutilize oswa bay yon lòt itilite mèb ak lòt atik an gwo.
- Bay don sa ou kapab.
- Tcheke browardrecycles.org pou plis enfòmasyon.

5. E si pa gen anyen ki chanje?

Fatra nou yo dwe ale yon kote. Kout pou rezoud kriz sa a ap sèlman ogmante ak tan.

6. Poukisa depans yo ap ogmante plis nou tann?

- Depann twòp de enstalasyon ki deyò konte a koute plis lajan.
- Nou pèdi pouvwa negosyasyon ak operatè prive yo lè nou pa rasanble kantite tòn kolektif nou yo pou atire pi bon pri ak ekonomi echèl.
- Nou pèdi kontwòl sou kote fatra nou yo ale (fatra gen valè!).

Retade aksyon ta lakòz:

- Pi gwo frè transpò ak frè depo.
- Plis itilizasyon gaz ak plis emisyon akòz transpò ki pi long.
- Plis kontaminasyon, paske estanda resiklaj lokal yo pa toujou konsistan.